# NOUVO POLITIK USCIS SOU KAT REZIDANS PÈMANAN: SA OU DWE KONNEN

**Politik sa a te pibliye nan dat 21 me 2026 epi li an vigè kounye a. Li posib pou yo konteste politik sa a devan tribinal, epi yon òdonans tribinal ka sispann li oswa limite fason yo aplike li. Anvan ou pran kèlkeswa gwo desizyon konsènan dosye ou a, konsilte yon founisè sèvis legal oswa yon sous enfòmasyon ou fè konfyans pou w jwenn dènye mizajou yo.** Ou ka li politik la sou sit entènèt USCIS la isit la.

## KISA KI PASE?

Nan dat 21 me 2026, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) te pibliye yon nouvo politik ki ka fè li pi difisil pou w jwenn yon kat rezidans pèmanan atravè pwosesis yo rele **ajisteman estati** a, kote ou ka aplike pou kat rezidans pèmanan san ou pa bezwen kite Etazini.

Politik sa a **pa** chanje kiyès ki kalifye legalman. Sa li chanje, se chans ou genyen pou yo apwouve demann ou an ak sa ki ka rive si yo refize li.

**Bagay ki pi enpòtan pou w konnen kounye a: Pa kite Etazini san ou pa pale avèk yon avoka imigrasyon anvan.**

Dapre nouvo politik sa a, USCIS ka di moun ki jwenn refi yo pou yo "pase pa konsila a." Men pou anpil moun, si yo kite Etazini, sa ka aktive yon entèdiksyon ki anpeche yo retounen nan peyi a pandan 3 oswa 10 ane, epi li posib pou pa gen okenn dispans ki disponib pou yo. **Kite peyi a ka fèmen definitivman yon pòt** ki te toujou ouvè toutotan ou te rete Etazini. Sa sitou vre pou:

- Paran timoun ki se sitwayen ameriken ki adilt epi ki te antre Etazini avèk yon viza men ki te rete apre viza yo ekspire
- Moun ki soti nan peyi kote konsila ameriken an pa bay viza imigran pou kounye a (tankou Brezil, Kolonbi, Larisi, Ejip, Pakistan, Gwatemala, Jamayik, ak anviwon 70 lòt peyi)
- Moun ki te deja vyole lwa imigrasyon oswa ki te deja fè fas ak yon òdonans depòtasyon

**Pa kite Etazini san ou pa pale avèk yon avoka imigrasyon ki kalifye.**

## KISA KI CHANJE KONSÈNAN APWOBASYON AN?

Anvan politik sa a, si ou te satisfè tout kondisyon legal pou w jwenn yon kat rezidans pèmanan, anjeneral ou te ka atann ke yo t ap apwouve demann ou an, sof si te gen yon pwoblèm byen presi nan dosye ou a.

Dapre nouvo politik sa a, USCIS konsidere apwobasyon an kòm yon bagay ou dwe merite lè ou pwouve gouvènman an ke ou se yon moun ki merite rete nan peyi a, olye yo konsidere li kòm yon bagay ou gen dwa jwenn otomatikman paske ou kalifye. Ajan yo ka refize demann ou an menm si ou satisfè tout kondisyon legal yo, selon jijman yo.

Men kèk bagay ki ka jwe kont ou kounye a:

- Antre Etazini avèk yon otorizasyon tanporè (parole), (tankou atravè pwogram CHNV, Uniting for Ukraine oswa Operation Allies Welcome)
- Rete Etazini apre viza ou ekspire
- Travay san otorizasyon
- Ou te vyole règ imigrasyon anvan sa, menm si yo pa t grav
- Nenpòt kontak ou te genyen ak lapolis, menm si yo te abandone akizasyon yo

Moun k ap aplike yo ta dwe prepare yo nan ka yo ta poze yo nouvo kesyon nan entèvyou ajisteman yo a, sitou konsènan kapasite yo pou yo pase pa pwosesis konsila a ak nenpòt ka kote yo te rete nan peyi a apre viza yo te ekspire ki parèt nan dosye imigrasyon yo.

# NOUVO POLITIK USCIS SOU KAT REZIDANS PÈMANAN: SA OU DWE KONNEN

## KOUNYE A, YON REFI KA MENNEN NAN YON PWOSEDI DEPÒTASYON – PA SÈLMAN YON LÈT REFI.

Sa a se youn nan pi gwo chanjman yo. Dapre yon lòt politik ki an vigè depi 2025, lè USCIS refize yon demann pou yon benefis imigrasyon pou yon moun ki pa gen yon estati imigrasyon valab, li ka voye moun sa a otomatikman devan tribinal imigrasyon pou pwosedi depòtasyon. Yon dosye ki nan limit ant apwobasyon ak refi epi ki t ap sèlman jwenn yon refi nan tan lontan, kounye a li ka non sèlman jwenn yon refi men li ka jwenn yon Avi pou Konparèt devan tribinal imigrasyon tou. Si ou gen yon demann kat rezidans pèmanan ki an atant epi ou pa sèten de estati imigrasyon ou, pale avèk yon avoka anvan entèvyou ou a.

## KIYÈS KI GEN PLIS RISK?

- Benefisyè pwogram CHNV yo (Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen ak Venezwelyen) ki kounye a kalifye pou yo aplike pou yon kat rezidans pèmanan atravè yon manm fanmi yo oswa yon anplwayè
- Afgan ak Ikrenyen ki te antre Etazini gras ak pwogram humanitarian parole
- Paran timoun ki se sitwayen ameriken ki te rete nan peyi a apre viza yo ekspire, sitou sila yo ki pa gen mari oswa madanm ki se sitwayen ameriken oswa ki gen rezidans pèmanan
- Moun ki soti nan peyi kote konsila a pa bay viza imigran pou kounye a – si yo refize ajisteman ou a, ou ka pa gen okenn lòt opsyon ki disponib
- Moun ki gen TPS, DACA, ak lòt moun k ap fè ajisteman atravè yon otorizasyon Advance Parole
- Nenpòt moun ki te rete nan peyi a apre viza li ekspire, ki te deja fè fas ak yon depòtasyon, oswa ki gen yon vyolasyon règ imigrasyon nan dosye li

## GEN KÈK MOUN POLITIK SA A AFEKTE MWENS.

Gwoup sa yo nan yon pi bon pozisyon paske kategori ajisteman yo pa egzije pou yo kite Etazini, epi sipozisyon ki pi sevè ki nan nouvo politik sa a pa aplikab nan ka pa yo:

- **Minè Imigran Espesyal (SIJ) –** pa gen opsyon pwosesis pase pa konsila pou kategori sa a; lalwa egzije pou ajisteman a fèt nan peyi Etazini.
- **Moun ki gen viza U** (ki te viktim kèk krim) k ap fè ajisteman apre 3 ane anba estati U
- **Moun ki gen viza T** (viktim trafik imen)
- **Refijye** ki te antre nan peyi a atravè yon pwogram refijye ofisyèl (INA § 207) epi k ap fè ajisteman apre yon ane
- **Moun ki gen azil** k ap ajiste estati yo dapre yon lòt lwa ki pa afekte pa memorandòm sa a

Si ou te deja resevwa yon kat rezidans pèmanan, politik sa a pa anile li. Men, toujou swiv kijan yo aplike politik sa a, sitou si w gen plan pou w fè demann natiralizasyon alavni.

## KISA OU TA DWE FÈ?

- **Rete enfòme pou w konnen si gen nenpòt kontestasyon legal.** Politik sa a fèk antre an vigè, epi tribinal yo ka entèvni byen rapid. Anvan ou pran kèlkeswa gwo desizyon konsènan dosye ou a, konsilte yon founisè sèvis legal oswa swiv yon sous enfòmasyon sou imigrasyon ou fè konfyans pou w jwenn dènye mizajou yo.
- **Si ou gen yon demann pou kat rezidans pèmanan ki an atant:** Kontakte yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite anvan entèvyou ou a. Prepare dokiman ki montre eleman pozitif nan dosye ou a, tankou depi konbyen tan w ap viv Etazini, lyen fanmi ou genyen nan peyi a, travay ou, patisipasyon ou nan kominote a, ak absans dosye kriminèl.

# NOUVO POLITIK USCIS SOU KAT REZIDANS PÈMANAN: SA OU DWE KONNEN

## KISA OU TA DWE FÈ?

- **Si ou anvizaje aplike:** Chèche konsèy legal anvan ou depoze dosye a. Evaliyasyon risk la chanje, epi depoze yon dosye nan move sikonstans ka lakoz yo ouvri yon pwosedi depòtasyon kont ou. Pran prekosyon ak notarios (fo notè) oswa nenpòt lòt moun ki pa yon avoka oswa yon reprezantan akredite k ap ede w prepare dokiman ou yo!
- **Si ou deja gen yon kat rezidans pèmanan:** Anjeneral, ou pwoteje. Men, si ou te fè ajisteman pandan senk ane ki sot pase yo atravè yon estati parole oswa apre ou te rete nan peyi a apre viza ou ekspire epi w ap planifye fè yon demann sitwayènte, pale avèk yon avoka anvan.
- **Si ou soti nan yon peyi ki nan lis peyi sèvis konsila yo sispann:** Sitiyasyon sa a ijan anpil. Pa kite Etazini. Pou kounye a, li posib pou w pa gen okenn posiblite pou w jwenn yon kat rezidans pèmanan atravè konsila a.

**DOKIMAN SA A FÈT POU LI BAY ENFÒMASYON JENERAL SÈLMAN EPI LI PA REPREZANTE KONSÈY LEGAL. LWA AK POLITIK IMIGRASYON YO CHANJE RAPIDMAN.**